

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Basa Sunda prokém hususna basa rumaja di Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat téh nya éta wangun variasi basa Sunda anu digunakeun ku para rumaja di éta wewengkon. Ieu basa minangkana mah kodé, tur sifatna rusiah. Hartina ukur éta kelompok anu ngarti, sedengkeun saluareun éta kelompok moal ngarti kana naon anu dicaturkeun. Tina hasil analisis data, kapaluruh hal-hal saperti ieu di handap.

1. Kakumpulkeun 185 kecap basa prokém rumaja Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat.
2. Warna kecap basa prokém rumaja Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat tina data ngawengku 40 prokém kecap barang (21,5%), 65 prokém kecap sifat (35%), 58 prokém kecap pagawéan (31%), 1 prokém kecap bilangan (0,5%), 2 prokém kecap pangantét (1%), 9 prokém kecap panambah (4,5%), 1 prokém kecap sifat (0,5%), jeung 9 prokém kecap panyeluk (4,5%).
3. Tina hasil analisis 185 kecap Basa Sunda Prokém Rajamandala Kulon (BSPR), kapaluruh aya sababaraha pola wangunan kecap nya éta: 1) obahan (métatésis) aya 72 kecap; 2) ngukuhan foném aya 20 kecap; 3) mondokkeun (abréviyasi) aya 17 kecap; 4) épenténsis aya 5 kecap; jeung 5) robah ma'na aya 52 kecap.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan basa prokém rumaja di Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung barat, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun, pikeun panalungtikan satuluyna, di antarana:

1. Ieu panalungtikan téh museur kana ulikan kecap, ku kituna perlu aya panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan basa prokém rumaja ditilik tina jihat sosioliungistik.
2. Perlu ayana panalungtikan ngeunaan ragam basa prokém rumaja dina ragam basa tulisan, pangpangna dina karya sastra.
3. Perlu ayana panalungtikan husus ngeunaan basa Sunda rumaja di lingkungan atikan, misalna di sakola-sakola.